


KUNZVERA MWEYA

 Baba vedu veKudenga, ndinoda kuratidza, kana ndichikwanisa, mangwanani ano, kuti ndinonzwa sei mumwoyo mangu kune Uyo, Mutsvenetsvene weVatsvene, achiburuka panyika, uye kuzodzikinura mutadzi akaita seni pachangu. Uye ndine chokwadi chekuti vashumiri ava vari pano zvino, vanogona kunzwa zvimwe chete, kuti zvaiva nekuda kwenyasha dzeNyu kuti takaitwa vashumiri vesungano ino, idzo dzaMakapa kune rudzi rwaAdhama rwakawa. Uye tiri pano mangwanani ano, Baba, takaungana kwete nekuda kwechimwe chinangwa asi kuziva, uye nekudzidza kuti—kuti tizive, waro, kuda kwaMwari uye neizvo zvatnofanira kuita kuti tiite kuti Kristu ave wemazvirokwazvo kuvanhu vechizvarwa chino. Tichiziva zvechokwadi kuti muzuva reKutongwa, tichaunzwa pachiso nechiso nechizvarwa chino. Uye, zvatiri vashumiri, tichava vatongi. Uye vanhu avo vatakataura kwavari, uye nemaonero avo kuShoko ratinounza kwavari, zvichatara magumo avo muna Ziendanakuenda. Naizvozvo, Ishe, muzuva iroro tichazova mutongi tichitsigira kana kuti tichipesana nechizvarwa icho chatakaparidzira kwachiri.

² Mwari Baba, ndapota, kuburikidza neZita raJesu, regai tisataure shoko rimwe chete rinozova rakatsveyama. Asi dai tava nemwoyo yakaperera nepfungwa dzakazaruka kuti tigokwanisa kugamuchira izvo zvinhu zviru zveNyu, kuti tigokwanisa kuenda kunze muminda yedu yakasiyana-siyana yekuvhangera, mushure mezuva ranhasi, uye—uye tova takagadzirirwa zviru nani nekuda kwekusangana kwedu neMi mangwanani ano. Zviitei, Ishe. HaMungauye here uye mova mutauri wedu uye nenzeve dzedu, nerurimi rwedu nepfungwa dzedu? Regai kufunga kwemoyo wangu, nendangariro dzepfungwa dzangu, zvese zviru mandiri, uye nezviru mukati meidzi hama nehanzvadzi dzangu, dai zvikagamuchirwa pamberi peNyu, Ishe, kuti tigova takazadzwa kwazvo uye nokuzara nesimba neMweya weNyu, weHupo hweNyu huri pano, zvekuti kamuri inozova . . . kamuri, kwete zvakanyanya chivakwa icho chatakagara machiri, asi chivakwa icho chatiri kurarama machiri, chova chose hacho gore reKubwinya kwaMwari. Tizogona kubva pano mangwanani ano takazadzwa kwazvo neMweya Mutsvene zvekuti tinenge tatsunga zvakawedzerwa kupfuura zvataimbova kumashure muhupenyu kuti titakure Mharidzo kuchizvarwa chiri kufa chatiri kurarama machiri. Tinzwei, Ishe, uye taurai nesu kuburikidza neShoko renyu, nekuti tinozvikumbara nemuZita reMwanakomana weNyu neMuponesi wedu, Jesu Kristu. Amen.

³ Ndinoshuva kuverenga, mangwanani ano, chi—chikamu

cheGwaro chinowanikwa muMapisarema, Mapisarema 105. Ndinoshuva kuverenga chikamu. Imi munonyora pasi zvaverengwa izvi zveMagwaro; Ndiri kuona vazhinji vavo; uye zvichiva kuti isu tiri vashumiri nezvakadaro. Zvakanaka kuverenga Shoko.

Uye, zvino, inguvai yavanowanzobuda, dzingaite twelve o'clock here? Uh-huh. Mati kudii? Mazvita.

Mapisarema 105:

O ipai kutenda kuna *JEHOVHA*; *mudane zita rake: zivisai* mabasa ake *pakati pevanhu*.

Muimbirei, mumuimbire mapisarema: taurai nezve mabasa ake ose anoshamisa.

Zvirumbidzei imi muzita rake dzvene: regai moyo yavanotsvaka *JEHOVHA* ifare.

Tsvakai *JEHOVHA*, uye *nesimba rake: tsvakai chiso chake nguva dzose*.

Rangarirai mabasa ake anoshamisa ayo aakaita; zvishamiso zvake, uye nezvaakatonga nemuromo wake;

O imi mbeu yaAbrahama varanda vake, imi vana vaJakobho musanangurwa wake.

Ndiye *JEHOVHA* *Mwari wedu: Mitongo yake iri pasi pose*.

Wakarangarira sungano yake nokusingaperi, mashoko aakaraira kuzvizvarwa zvine chiuru.

Iyo sungano yaakaita naAbrahama, nemhiko yake kuna Isaka;

Uye akasimbisa imwe chete iyoyo kuna Jakobho kuti uve mutemo, uye kuna Israeri kuti ive sungano yekusingaperi:

Achiti, Kwauri ndichakupa nyika yeKenani, uve mugove wenhaka yenyu:

Panguva yavakange vari varume vashoma pakuverengwa; hongu, vashoma kwazvo, uye navatorwa mairi.

Pavaifamba vachibva kune rumwe rudzi vachienda kune rumwe, uye nokubva pane humwe humambo vachienda kune vamwe vanhu;

Haana kutendera munhu upi zvake kuti avaitire zvakaipa: hongu, akatsiura madzimambo nokuda kwavo;

Achiti, Musabata vazodziwa vangu, uye navaporofita vangu musavaitire chakaipa.

⁴ Dai Ishe varopafadza kuverengwa kweMashoko aVo. Ndine Magwaro mashoma akanyorwa pano pane imwe nzvimbo

ayo andanga ndiri kuzotaura nezvawo zvichida patinenge tichienda mberi.

⁵ Handizive, nhasi, kuti ndiani ari kuzova Mutungamiriri wenyika anotevera? Sarudzo iri kuuya, munoziva. Ndiani ari kuzova Mutungamiriri wenyika muchikamu chenguva inotevera? Ko dai ndaiziva? Kune mumwe chete uyo anoziva, uye ndiMwari. Uye ko dai Mwari vaizozarura kwandiri kuti ndiani ari kuzova Mutungamiriri wenyika anotevera, zvino ini ndomira muno muPhoenix zvino ndofanotaura kuti murume wakati-akati achazova Mutungamiriri wenyika anotevera weUnited States? Uye ivo vaizois izvozvo mumapepa nezvimwe zvakadaro, uye ndaizozvirova panhongonya chaipo. Zvaizova zvakakwana, uye zvaizova zvose zvandakanga ndataura kuti zvaizoitika. Asi ndezvipi zvakanaka zvazvaizoita? Zvakanakirei, zvakadaro, kana ini—kana ini ndichifanira kuita chinhu chakadaro? Mapepa aizozvishambadza, uye zvaizobuda kunze zvichida, kana munhu akadai akakwanisa kufanotaura zvakadai uye zvova chokwadi, mapepanhau ese nemamagazini aizo—aizozvifambisa.

⁶ Asi munoziva kuti Mwari haaite zvinhu saizvozvo, Mwari havashandise simba raVo nezvipo zvaVo pane zvinhu zvoupenzi. Zvichaitika, chero achazova Mutungamiriri wenyika, anozongova Mutungamiriri wenyika. Uye kuziva zvino kuti ndeupi anozova Mutungamiriri wenyika, hazvaizotibatsira kana nekobiri rimwe chete zvaro. Hazvaizova nechinhu chidiki chimwe chakanaka chazvaititira kuziva kuti ndiani ari kuzova Mutungamiriri wenyika. Saka, naizvozvo, Mwari havaite zvinhu izvozvo zvakadaro.

⁷ Uye, zvararo, kana ndakava nekufanofembera kwakadaro, uye kukaitika, uye mapepanhau akazvinyora, uye nemamagazini, zvararo zvinozova zvembiri *yanhu*. Vanhu vanozoti, “Onaiwo kuti Hama Branham muporofita mukuru zvakanakani. Vakaitaurira kare chaiko zvisati zvaitika kuti ndiani aizova Mutungamiriri wenyika.” Uye izvozvo zvaizova zvekurumbidzwa kwangu. Asi Mwari havadi... Havafariri mukushanda zvinhu kuitira kurumbidzwa kwangu, kana mune—mune kurumbidzwa kwemumwe munhu upi zvake. Ivo vanofarira kushanda zvinhu kuti zvive kurumbidzwa kwaVo, chimwe chinhu chichabatsira.

⁸ Sekutaura kwakaita Pauro, “Kana tikataura nendimi uye tisina mududziri, zvinobatsirei? Tinongozvimbidza pachedu,” uye, ndiko, kana kuti “kuzvisimudzira pachedu.” Izvozvo zvakanaka sezviri kunze kwemumutsara waMwari. Mwari vanoda kusimudzirwa pachaVo. Uye isu hatifanire kutsvaga kuzvisimudzira pachedu, asi kusimudzira Mwari nezvose zvatinaita.

⁹ Saka nokudaro, ndinotenda mangwanani ano, dai ndaiziva kuti ndiani waaizova uye neapo chaipo paaizosarudzwa, uye, oo, mavhoti mangani aanozenge ari pamusoro kana kuti ari pasi, kana chero zvacho zvachinokwanisa kuva, hazvaizoita chero chinhu chidiki hacho chakanaka kuzvitaure. Zvaizova zvakanadinakira kwazvo kungozvichengeta ndakanyarara kana ndaizviziva. Kwete kuyedza kuzvishambadzira, nekuti paizova—paizova pasina chikonzero chekuti ndizviite. Nekuti, zviri kuzoitika, zvakadaro, uye hazvina mutsamuko wakanyanya wazvinotiitira kuti ndiani ari kuzova Mutungamiriri wenyika.

¹⁰ Asi, Mwari, paVanoshandisa zvipo zvaVo, Ivo vanozvishandisira kubwinya kwaVo pachavo, uye kuitira kubwinya kwevanhu vaVo, kuitira kubwinya kweChechi yaVo, kuitira kusimudzirwa kweMutumbi waKristu, uye kuitira kubwinya kweHumambo hwaMwari. Ndicho chikonzero Vachipa zvinhu izvi muChechi yaVo, nemhaka Vaine vadzidzisi, vaporofita, vavhangeri, vafundisi. Ivo varipo kuitira kusimudzirwa kweChechi uye kuitira kubwinya kwaMwari. Muporofita haafanire kubuda kunze uye osangana-sangana nenyika uye oedza kutora chipo sezvakaitwa naBharamu, uye nekuita bongozozo kana—kana mari kubva machiri kana chimwe chinhu. Kana iye ari muporofita, anofanirwa kuzarura Mwari kuChechi uye ogara kunze kwezvinhu zvenyika. Zvese ndezve kubwinya kwaMwari!

¹¹ Zvino isu tine... uye ndinofunga kuti chinhu chakanaka kwatiri, sevashumiri, kutevera kurairwa kwedu, kana tichiona zvinhu zvakadaro zviri munyika sezvatiri kuona nhasi. Uye tine kuraira kubva kuna Mwari, ndekwe kunzvera mweya, kuyedza mweya. Ndinotenda kuti ichocho chidzidzo chikuru kuchechi nhasi, kuyedza mweya wechero chinhu chipi zvacho, kuva nekunzvera mweya. Ini handifunge kuti isu tinofanira zvachose, nenzira ipi zvayo, kumboedza kuyera munhu nesangano ravanopinda kwariri, kana neboka ravakaungana naro, vangave maMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, vePentekosti, kana—kana chipi zvacho chavari. Hatifanire kuyera munhu nesangano raanopinda kwariri. Tinofanira nguva dzose kumuyera nemweya waainawo, munoona, mweya. Kunyangwe ari wemvura yekupedzisira kana kuti mvura yekutanga kana yemukati, mvura yekunze, kana kuti asina mvura, kana chero hazvo chazvinogona kuva, hatifanire zvachose kumuyera neizvozvo, asi, nemweya wake. Tinofanira kunzvera mweya. Tarisai izvo munhu zvaanazvo mupfungwa, izvo zvaanazvo... izvo zvaari kuedza kuti abudirire pazviri. Kana munhu, kuburikidza nechipo, zvisinei nekuti chipo chacho chikuru zvakadini...

¹² Zvino ndinoda kuunza izvi kuChechi mangwanani ano, zvinova, mumasangano akasiyana-siyana muchiri Chechi yaMwari vanorarama, pamwe chete. Uye ichi ndicho chinhu chandiri kuda kuunza kwamuri, munoona, kuti hatina

kupatsanuka zvirokwasvo. Tiri matombo akachekwa muzvimiro zvakasiyana, zvese zviru kuitira kubwinya kwaMwari.

¹³ Zvino, pane zvakawanda muuva ratiri kurarama mariri, zvine chekuita ne “zvipo.” Vanhu vazhinji kwazvo vanoyera vanhu nezvipo zvavanazvo. Zvakanaka, ndinotenda kuti zvinhu izvi zvipo. Ndinotenda kuti zvatinoona zvichiitika zvipo, uye zvipo zvakapihwa naMwari. Asi, isu, kana tikasazvishandisa nenzira yakarurama iyo Mwari aida kuti zvishandiswe, zvararo tinogona kukuvadza zvakanyanya nezvipo kupfuura zvataiita dai tanga tisina zvipo zvacho. Humwe husiku ndakaitaura chimwe chirevo papurupiti, ndichitaura izvi, kuti ndingatoda hangu kuona rudo rwehama rwuchirarama pakati pechechi, kunyangwe tisina chiitiko chimwe chete chekupodzwa kana chero chimwewo chinhu zvacho. Munoono, tinofanira kuziva kuti zvinhu izvi zviripo nekuda kwei.

¹⁴ Zvino, kana munhu akauya uye aine chipo chikuru, zvisinei nekuti ndewe sangano redu kana kuti rimwe sangano, regai kumuyera kuburikidza nesangano iro raanobva kwariri, kuti anopfeka sei, asi zvaunoda kuona ndeizvo vvaari kuedza kuita nechipo ichocho. Chinangwa chipi chaanacho. Kana ari kuedza kutora runziro yake uye ozvivakira pachake zita rakakura kubva pazviri, ndaizova nekunzvera mweya kwakakwana kuziva kuti izvozvo zvakatsveyama. Hazvina mhosva kuti mudzidzisi mukuru zvakadini, ane simba rakakura zvakadini, akachenjera zvakadini, kana kuti chipo chake chinoshanda zvakadini, kana asiri kuedza kuti abudirire pane chimwe chinhu kuitira kubatsirika kweMutumbi waKristu, kunzvera kwako pachako kwepamweya kwaizokuudza kuti izvozvo zvakatsveyama. Hazvina mhosva kuti zvakananga zvakadini, zvakakwana zvakadini, kuti zvakaite sei, zvakatsveyama kana zvikasashandiswa kuitira kuMutumbi waJesu Kristu.

¹⁵ Kubudirira pane chimwe chinhu, zvichida iye ane chipo chikuru zvekuti anokwanisa kukwevera vanhu pamwe chete nehuchenjeri hwakakura kana simba repamweya, kuti anozokwanisa kukwevera vanhu pamwe chete, uye zvichida iye ari kuedza kutora chipo ichocho uye ozviitira mukurumbira kuitira kuti azova nezita guru, kuitira kuti dzimwe hama dzigozotarisa kwaari semumwe munhu mukuru. Zvadaroka izvozvo zvakatsveyama. Zvichida iye ari kuedza ku—kusimudzira chimwe chinhu pano icho chaanoda kuti munhu wese zvake abve pakuonekwa uye oita kuti iye neboka rake vave vacho vanoonekwa. Izvozvo zvichiri zvakatsveyama, munoono.

¹⁶ Asi kana aine chipo chaMwari uye ari kuyedza kusimudzira Mutumbi waKristu, zvararo handina basa kuti iye ndewekupi. Hausi kunzvera munhu, uri kunzvera mweya, hupenyu huri mumunhu wacho. Uye ndizvo izvo Mwari vakatiudza kuti tiite. Hapana kana imwe nguva patakambotumwa kuti tinzvere bo—boka remunhu wacho. Asi takagombederwa pamwe

nekurairwa naMwari kuti tinzvere mweya uri mumunhu, izvo zvaari kuyedza kuita, izvo mweya uri muhupenyu hwake zvaari kuedza kumutungamirira kwazviri. Uye zvadaro kana tikakwanisa kuona kuti ari kuedza kutungamira vanhu (kwete kuvapatsanura, asi kuvaunza pamwe chete) uye kuunza Chechi yaMwari anorarama, kwete vese kusangano rimwe, asi kusvika pakunzwisisa, kuyanana, kubatana kwemweya. Zvadaro kana iye ari wemvura yekutanga kana mvura yekupedzisira, kana chero zvazvingava, mweya wake nechinangwa chake zvakarurama. Uye mweya uri maari, zvisinei nekuti ndewe bato ripi, Mweya uri maari uri kuedza kunongedzera vanhu kuKarivhari, kubva kwaari iye pachake kana kubva pane chero chinhu chipi zvacho, asi kubudirira kwake chete kwaanako kuvanongedzera kuKarivhari. Haana kana nebasa nokuti anombozivikanwa here kana kuti kwete. Haana basa nekuti kunyangwe bato rake pachake. . . zvinova zvakana, munooni, zvakana, kana iye ari muMethodisti, kana muPresbyteriani, kana muRoma Katorike, kana chero zvaanoda kuva kuburikidza nesangano.

¹⁷ Asi chii chaari kuedza kuita, chinangwa chemwoyo wake chaari kuedza kuwana? Zvadaro unokwanisa kuona zviri muhupenyu hwemunhu wacho, kuti zvinangwa zvake zvingava zviri zvesangano rake—rake here, kana kuti ndezvake iye pachake, kana kuti zviri zvemukurumbira wenyika, kana kuti zviri zvezvazita makuru, ekuti, “Ndakafanotaura izvo, zvikangoitika chaizvoizvo.” Zvino, munooni izvozvo zvakatsveyama ipapo chaipo, chekutanga. Asi kana iye ari kuedza kushandisa izvo zvaakapihwa naMwari, semudzidzisi, semuporofita, semuoni. . .

¹⁸ Muporofita wemuTestamende Itsva muparidzi. Tese tinozviziva izvozvo. Chero mushumiri upi zvake anongori muparidzi iyeye muporofita, muporofita wemuTestamende Itsva, kana ari kuporofita, achiparidza, kwete kuyedza kuzvisimudzira pachake kuti agadzire zita rakakura, kana kuti kusimudzira sangano rake. Izvo, iye anofanira kuva ari musangano. Hezvinoi ndiri pano ndisina kana rimwe, asi zvakadaro ndichiparidza kuti iwe unofanira kuvamo. Ndizvozvo. Munhu wese anofanira kuva nechechi yaanoenda. Iwe unofanira kuva nenzvimbo, kwete kungotenderera uchingoenda kwese-kwese, asi iva nekumwe kwaunoenda kuchechi uye kwaunodana kuti kuchechi kwako, kumwe kunhu kwaunobhadhara chegumi chako, uye kumwe kunhu kwaunobatsira kutsigira Chinangwa. Tora sarudzo yako, asi zvadaro rega zvachose kuramba kuyanana nemumwe munhu nekuti haasi weboka rako. Maona? Nzvera mweya wake uye woona kana aine chinangwa chimwe chete mumwoyo, zvadaro mune kuyanana mumwe nemumwe. Muri kushandira Chikonzero chimwe chete chikuru. Ndicho

chikonzero chaKristu. Ndinofunga kuti ichocho ichokwadi chamazvirokwazvo.

¹⁹ Zvino, kana tikacherechedza zvinangwa nedonzvo zvevaporofita veTestamende Yekare, varume ivavo vaive nedonzvo rimwe chete, uye aive Jesu Kristu. Vaive nechinhu chimwe chete chekuti dingindira ravo rese reTestamende Yekare raiva rakavakirwa pana, Mesiya ari kuuya. Ivo—ivo havana kuenda kunze kunoita zvinhu nekungoda kwemari kana nekuda kwemukurumbira. Vaive nechinhu chimwe chete, vaive vakazodzwa neMweya waMwari, uye vakafanotaura Mesia ari kuuya. Uye varume ivavo vaive vakazodzwa kwazvo neMweya kusvikira ivo dzimwe nguva vaizvibata seMweya waive mukati mavo, vaitaura sekunge vaizvitaure ivo pachavo. Tarisai kuti Mweya waMwari wakavaita varume ivavo kuti vazvibate zvakadini.

²⁰ Tichatora, semuenzaniso, Mosesi, muporofita mukuru, kuti murume iyeye akanga asina zvinangwa zveundini hazvo zvachose. Iye aikwanisa kunge akave mambo weEgipita. Aikwanisa kunge akava nepasi rose riri pasi petsoka dzake. Asi nekuda kwekuti aive muporofita pamwoyo, akaramba kunzi mwanakomana wemukunda waFarao, achisarudza kusva arwadiwa nekutambudzwa pamwe nemiedzo yaKristu, achikoshesa pfuma dzeKudenga kuva pfuma dzakakura kupfuura idzo dzeEgipita. Iye akasiya pamwe nekuzvirambira pachake mukurumbira wenyika, wekugarika uye nezvi—zvinhu zvinopihwa nehupenyu. Iye akatozotarisa mberi kwaizvozvo. Munoono, iye—iye aikwanisa kunge akava izvozvo.

²¹ Ingotora mushumiri nhasi, kana aine rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uye achiziva kuti kana akaparidza Shoko iroro, zviri kuzodimura mukurumbira wake; zviri kuzomuisa mune imwe chechi diki kwazvo pane imwe nzvimbo, kana kuti zvichida kunze mumugwagwa. Asi iye anoziva kuti chimwe chinhu mumwoyo make chiri kubvira. Iye anoona Kuuya kwaShe. Haana basa nekuti ane chechi hombe here kana kuti chechi diki. Haana basa nekuti ane chikafu chanhasi here kana kuti haana chikafu. Haana basa nekuti ane mbatya dzakanaka here kana kuti haana mbatya dzakanaka. Iye anongofunga chete nezve chinhu chimwe chete, uye ndiwo Hupenyu chaihwo huri mukati make huri kudanidzira. Iye ari kuedza kuti abudirire pane chimwe chinhu kuitira kubwinya kwaMwari, uye munhu iyeye, mukuita saizvozvo, anozoratidza Hupenyu chaihwo hweMweya uri maari. Muri kundinzwisisa here? Iye anozozviratidza.

²² Tarisai kuna Mosesi paakasvika panguva yaakaratidza, hupenyu hwake hwese hwaive Mweya waKristu, nekuti Kristu aiva maari. Kristu aiva muna Mosesi, nechiyero. Zvino, kana tikacherechedza, iye akaberekwa munguva yekutambudzwa. Vana vakauraiwa kuri kuedza kumubata, zvimwe chete chaizvo

sezvavakangoita Jesu. Uye tinoona kuti paakasvika panzvimbo iyo vana veIsraeri vakanga varega kuteerera nenzira iyo kusvikira Mwari vakatsamwa nekuda kwavo, uye Ivo vakati kuna Mosesi, “Enda parutivi uye Ndichaparadza boka ravo rese, uye Ndichatora kubva kwauri uye ndosimudza chimwe chizvarwa.”

²³ Mosesi akazviwisira pachake munzira yekutonga kwaMwari, uye ndokuti, “Nditorei ini Musati mavatora.” Mune mamwe mashoko, “Musati mavatora Munofanira kuuya nepandiri.”

²⁴ Ndizvo chaizvo zvakaitwa naJesu Kristu. Apo Mwari pavangadai vakatsvaira chiso chenyika yose vachibvisa vatadzi ava, iwe neni, asi Kristu akazvikandira pachaKe munzira. Mwari havana kugona kuzviita, Ivo havaigona kupfuura napamusoro peMwanakomana waVo pachavo.

²⁵ Uye apo Mwari pavakaona Mweya iwoyo muna Mosesi, wakaremba mukutongwa semuchinjikwa ipapo, “Hamukwanise kuuya kwavari, Munofanira kutora ini kutanga,” munoona Mweya waMwari uri muna Mosesi? Apo paaikwanisa kunge ari mambo weEgipita, apo paaikwanisa kuve nekugarika kwese kuri munyika, kuva nemukurumbira, apo paaikwanisa kunge akava mambo mukuru wepasi rose panguva iyoyo. Asi iye akasarudza kurwadziwa nekutambudzwa pamwe nekushungurudzwa, nekuti iye akaona kuzvidzwa kwaKristu iri pfuma huru kupfuura iyo yeEgipita. Munoona, akazviwisira pachake munzira. Sei? Aiva Mwari muna Mosesi akaita izvozvo. Kufunga kwemazuva ose, munhu wenjere haaimbofa akaita izvozvo, iye aizatora nzira iri nyore. Saka zvisinei kuti Mosesi airatidzika kuva mupengereki zvakadini, iye aiedza . . . Munoona, aive muporofita wechokwadi waMwari, nekuti iye aiedza kuti abudirire pane chimwe chinhu kuitira Humambo hwaMwari.

²⁶ Zvino, nechipo chake chikuru chechiporofita aikwanisa kunge ari murume akangwara, angadai akasimuka muEgipita uye akati, “Zvino chimbomirai, ndichaporofita chakati-ne-chakati. Ndichataura chakati-ne-chakati,” uye sezvinova chiporofita chake. Asi zviri . . . uye, oo, iye aizodai akava nemukurumbira wepasi rese. Asi izvozvo zvakanga zvisiri mumwoyo make. Hazvaigona kuve mumwoyo make.

²⁷ Saka kana ukaona munhu ane chipo chikuru, achiedza kuita chimwe chinhu chinovarumbidza ivo pachavo, kunzvera kwako pachako kwemweya kunokuudza kuti izvozvo zvakatsveyama. Asi Mosesi aiedza kuti abudirire pane chimwe chinhu kuitira kubwinya kwaMwari. Hazvina mhosva kuti zvaive zvakaipa zvakadini; kuti zvaitaridzika zvakaipa zvakadini, kuti zvaitaurwa nezvazvo kakawanda zvakadini, Mweya waiva

muna Mosesi wakamutungamira akananga chaiko kumutsara webasa. Mweya waiva maari!

²⁸ Tarisai kuna Josefa, Josefa aiva... paakaberekwa, aidiwa nababa asi achivengwa nemadzikoma ake, mufananidzo wakakwana waKristu. Uye icho choga... iye aiva hama yeropa kwavari, baba vamwe chete. Asi chikonzero vakoma vake vaimuvenga, pasina chikonzero, nekuti Mwari vakanga vamuita muporofita, wemweya, muoni. Uye vakamuvenga nekuda kwaizvozo. Asi Josefa hapana zvaaikwanisa kuita nezvazvo, nekuti, Mwari vakange vamugadzira nenzira iyoyo.

²⁹ Uye tarisai Mweya waMwari muna Josefa. Tarisai izvo zvaakaita. Iye akatotamba chikamu chaKristu. Akavengwa nemadzikoma ake, aidiwa nababa vake, nekuda kweMweya wakaita mutsauko. Iye aive munhu wemweya. Aiona kwaviratidzo, aidudzira hope. Haana kuzviita kuitira mbiri yake pachake. Iye akazviita nekuti maive nechimwe chinhu maari, Mweya waMwari. Angadai asina kuenda kunze uko nekuda kwake pachake, uye onge akakandwa mugomba, uye oita kuti baba vake vekare vanonzwisa tsitsi varwadziwe makore ose iwawo, atengeswa nemasirivheri anoda kusvika makumi matatu; ndokutorwa kubva mugomba, uye ndokuva murume wekurudyi waFarao, mambo wepasi rose panguva iyoyo. Uye muimba yake yetirongo maiva nemusvini wewaini nemubiki wechingwa, uye mumwe akarasika uye mumwe wacho akaponeswa, nekufanotaura kwake, muimba yetirongo.

³⁰ Uye makacherechedza here Jesu paAkauya, Iye aidiwa naBaba. Uye baba vakapa Josefa jasi remavara mazhinji (muraraungu, sungano). Uye Baba, Mwari, vakapa Mwanakomana wavo, Jesu, sungano, uye zvadaro hama yechiJudha yakaMuvenga pasina chikonzero. Akange asina chikonzero chekuMuvenga, Iye aive wemweya, uye Aive Shoko raMwari rakaratidzwa. Akauya kuzoita kuda kwaBaba, Akauya kuzozadzisa Magwaro. Akauya kuzovaunzira rugare, asi ivo havana kuMunzwisisa, uye vakaMuvenga pasina chikonzero. Ivo havana kumira kuti vaedze kuona izvo zvaAkange achiedza kuti abudirire pazviri. Ivo vakamuyera nekuda kwekuti akange asingawirirane navo. Ivo vakaita... "Iye anozviita pachaKe *zvakati-nezvakati*. Iye anozviita Mwari pachaKe." Aive Mwari! Mwari vaive maAri. Bhaibheri rakati Mwari aive muna Kristu, achizviratidza pachaKe kunyika. Aive Mwari weKubwinya achiratidza kubwinya kwaMwari.

³¹ Tarisai kuna Mosesi, hapana zvaaikwanisa kuita pakuzvikandira kwake ipapo. Haana kuita izvozo nehunyengeri. Akazviita nekuti Mwari vaive maari. Kunyangwe Josefa haana zvaaikwanisa kuita pakuva izvo zvaave, nekuti vaive Mwari maari vaishanda kana kuzviratidza pachavo kuburikidza nemunhu wacho. Haana kumbozviitira kubwinya kwake.

³² Chero munhu upi zvake uyo...Dai vaprisita ivavo vakangove nekunzvera mweya bedzi, sekutaura kwandiri kuita kwamuri mangwanani ano. Zvisinei nekuti nyika yaitaura zvakanwanda zvakadini pamusoro paKe, ivo vangadai vakaziva dai vainge vakazotarisa kuShoko, dai vaizonge vakaona chinangwa chaKe. Iye akanga achigara achiita izvozvo kuti ape kubwinya kuna Baba. Iye akati. . .Ivo vakati, “Oo, murume uyu mupodzi mukuru, Anoita zvinhu izvi zvakaita saizvozvo.”

³³ Iye akati, “Ini hapana chandinokwanisa kuita kusvikira Baba vaNdiratidza. Handisi Ini anoita mabasa. NdiBaba vanogara maNdiri, ndiVo vanoita mabasa.” Haana kumbotora mbiri.

³⁴ Kana chero muranda zvake waMwari haazitora mbiri. Kana muranda upi zvake waMwari haangatore chipo chaMwari uye oedza kuzvipa mbiri pachake, kana chimwewo chinhu, asi kubudirira kwake kwakarurama ndekwekuita chimwe chinhu chinopa kubwinya kuna Mwari. Ndicho chikonzero muchiona chinhu chimwe chete nhasi. Tinofanira kuva nekunzvera mweya, kuti tione munhu izvo zvavari kuedza kuita. Vari kuedza kupa mbiri kuna Mwari here? Vari kuedza kuzvipa mbiri pachavo here?

³⁵ Zvino Mweya waMwari uchishanda muvanhu unoita kuti vanhu vazvibate saMwari. Ndosaka Jesu akati, “Hazvina kunyorwa here, ‘Muri vanamwari?’ Uye kana vakavadana kuti ‘vanamwari,’ avo Mweya waMwari wakauya kwavari, ko mungaNdipomera sei, zvadaro, zvaNdiri Mwanakomana waMwari?” Kana maikwanisa kuona Mweya waMwari muna Mosesi, wokuti, iye aive Mwari. Mosesi aive mwari. Josefa aive mwari. Vaporofita vaive vanamwari. Bhaibheri rakati vaive vari. Vakanga vari vanamwari nekuti zva. . .vakanga vazvipira zvizere pachavo kuMweya waMwari, zvekuti vaishandira kubwinya kwaMwari.

³⁶ Uye kana munhu akazodzwa neMweya zvakanyanya. . . Zvino regai izvi zvinzodzika pasi pembabvu yechishanu kurutivi rwekuruboshwe. Kana munhu akazodzwa neMweya waMwari, tsika dzake, mazvibatiro ake, nezvinhu zvese, ndiMwari vari kufamba maari. Dzimwe nguva anofungidzirwa zvisirizvo.

³⁷ Tarisai kuna Dhavhidhi, muPisarema 23, iye akadanidzira, “Mwari wangu, Mwari wangu, ko mandisiireiko?” sekunge aive ari iye, kunge Dhavhidhi aive munhu wacho. “Avo vose vanopfuura nepandiri, vanotaura zvakashata kwandiri.”

³⁸ Iye akanga akazodzwa kwazvo naMwari, akanga akanyatsozvipira zvakakwana kuna Mwari, uye chizoro chakanga chiri paari nenzira yokuti apo paakadanidzira neMweya waMwari, dai mumwe munhu anga akamira ipapo,

aiti, “Nhai, tarisai, iye anofunga kuti mumwe munhu ari kutaura zvakashata kwaari. Ko sei Mwari vamusiya?”

³⁹ Akanga asiri Dhavhidhi, waive Mweya waidanidzira nemuna Dhavhidhi. “Mwari wangu, Mwari wangu, ko mandisiireiko? Mapfupa angu ose anonditarisa. Vakabvoora maoko angu netsoka dzangu.”

⁴⁰ Saka, mumwe munhu akati, “Teererai kune munyengeri uyo kumusoro uko. Maoko aani akabvoworwa? Itsoka dzaani dzakabvoworwa?” Ndivo vaya venjere.

⁴¹ Asi uyo aive nekunzvera mweya aiziva kuti iwoyo waiva Mweya waMwari maari waidanidzira. Kana munhu akazodzwa neMweya waMwari, anenge aine maitiro aMwari, uye kuita kwaMwari hakumbori kwekutiparadzanisa. Kuita kwaMwari ndekwekutikwevera pamwe chete nekuti tiri vamwe muna Kristu Jesu, uye chinangwa chaMwari ndechekutiunza pamwe chete. “Danana! mumwe nemumwe.”

⁴² Zvino, vaporofita vakuru ivavo, tinoona Mweya uchifamba uri mavari, Jesu akavadana “vanamwari.” Iye akati vaiva vanamwari. Zvino apo Mweya pawakauya kwavari, muchiyero; asi paWakauya pane Mumwe, Jesu, uyo aiva Mwanakomana waMwari, Wakauya kwaAri zvisina chiyero, huzaro weHumwari mumutumbi hwaigara maAri, nekuti Iye aive muenzaniso wakakwana. Aive Mwari weKubwinya achiratidza kubwinya kwaMwari kuvanhu, Mwari vari maAri vachifamba-famba. Cherechedzai hupenyu hwaKe, Testamende Yekare yese, ndiYe aive dingindira reTestamende Yekare. Vaporofita vese vekare muTestamende Yekare vakadanidzira, kwete kwavari pachavo, vakadanidzira vari pasi peMweya waMwari, uchivaita kuti vazvibate saMwari zvakanyanya zvekuti vakadaidzwa kunzi vanamwari, uye zvararo zvino, huzaro hweMweya iwoyo hwakaratidzwa muna Jesu Kristu.

⁴³ Tarisai kuna Dhavhidhi paakabviswa pachigaro samambo weIsraeri, akarambwa nevanhu vake pachake, achikwira Gomo reMiorivhi, kuchamhembe kweJerusarema, uye akatarisa kumashure nepamusoro peguta uye akachema nekuti akanga arambwa. Chakanga chiri chii ichocho? Wakanga uri Mweya waKristu.

⁴⁴ Makore mazana mashanu akatevera, Mwanakomana waDhavhidhi, Jesu, akagara pagomo rimwe chete, akatarisa pamusoro peguta, samambo akarambwa, uye akachema, “Jerusarema, Jerusarema, kangani kaNdaizodaro ndakakuunganidza (masangano ako akasiya-siyana nezvimwe zvose) sezvinoita huku kunhiyo dzayo, asi wakaramba. Kangani kaNdingadai ndakazviita!”

⁴⁵ Zvino Mweya mumwe chete iwoyo waiva muna Dhavhidhi, uyo wakararatidzwa muhuzaro muna Kristu, uri muChechi nhasi uchichema kuvanhu. “Kangani kaNdaizodaro

ndakakuunganidzai!” Uye apo pamunoona kupatsanurana ne—nekupesana ne—nehukama huchipamuka, nehupenyu hweChikristu, mumwe achipesana nemumwe, zvararo zvinoita kuti Mweya waMwari mumwoyo mako udanidzire. Uri kuedza kuti ubudirire pane chimwe chinhu, muporofita wechokwadi waMwari, mudzidzisi wechokwadi ari kuedza kuunza Chechi pakubatana kwemweya, kubatana kwemweya, kuti vagone kucherechedza Mwari; achiedza kuti abudirire pazviri zvisinei nekuti ndeve sangano ripi kana kuti zvakadini nezvaro. Tine kunzvera mweya kwekukwanisa kunzvera mweya uyo uri mumunhu, kuti tione kana uri Mweya waMwari kana kuti kwete.

⁴⁶ Zvino, tinocherechedza apo paAkanga ari pano panyika, kuti Akafamba kwese sei achiita zvakanaka. Ndacherechedza chimwe chinhu icho chauya mupfungwa dzangu. Makacherechedza here apo Dhavhidhi paakarambwa samambo?

Iye akabuda kunze kweguta, zvino mumwe muBhenjamini mudiki, muBhenjamini, uyo aifanira kunge ari hama kwaari, aifanira kunge akava nehurombo nekuti akanga arambwa, asi chii. . . Iye aive murume akaremara. Uye iye akazvikweva achienda ipapo nechinhano chake chehurema, achikanda ivhu pana Dhavhidhi, uye achimudana mhando dzose dzemazita akashata, uye achimutukirira nemuZita raShe, achitukirira Mambo Dhavhidhi nemuZita raShe, uyu muBhenjamini mudiki wekare akaremara.

⁴⁷ Cherechedzai Mweya waMwari nemweya wadhiyabhore ichishanda. Zvino, kana mukacherechedza, iye akanga akaremara. Zvinomiririra kuremara kwepamweya kwevanhu nhasi avo vaizoita jee neMweya waMwari wechokwadi uri muna Kristu uri kuzviratidza pachaWo. Uyo waiva Mweya waKristu muna Dhavhidhi achirambwa samambo. Uye, nhasi, apo vanhu pavanoita jee nevanhu avo vakagamuchira Mweya Mutsvene uye vari kuedza kuti vabudirire pane chimwe chinhu, kukweva Methodisti nemaPentekosti, nemaBaptisti nemaPentekosti, nemaPresbyteriani nevamwe vese, pamwe chete sevakabatana, seMutumbi waKristu, uye ivo vanoona Mweya uchishanda, voti, “Zvakanaka, tarira, uyo muPentekosti. Kure naye! Ndinoziva mumwe akaenda nemudzimai wemumwe murume. Ndinoziva kuti uyu akadhakwa. Ndinoziva kuti uyu akaita *izvi*. Ndinoziva kuti uyu akaita *izvo*.” Zvese izvozvo, asi ivo vakakura zvakanakwana zvekugona kuvanza zvinhu zvavo pachavo, vanokwanisa kuzvivanza. Asi Dhavhidhi akaiswa pachena. Sei? Aive neMweya waKristu maari.

⁴⁸ Muchengeti uya akati, “Ndogura here musoro wembwa iyo ingatuka mambo wangu?”

49 Cherechedzai Mweya waKristu muna Dhavhidhi, “Muregei akadaro, nekuti Ishe vamuudza kuti andituke.” Mazvibata here izvozvo? “Muregei akadaro, Ishe vamuudza kuti anditukurire.”

50 Pane kudaro, nhasi, tinoda kusimudza zvi bhakera zvedu uye tomurwisa, munoona, todimura musoro wake, “Hongu, muburitsei, haasi wedu.”

51 “Muregei akadaro, Ishe vamuudza kuti anditukurire.” Chirema chiya chidiki chichimhanya chichitevera ipapo, chichikandira mavhu kuna Dhavhidhi.

52 Ndizvo zvavanoita nhasi paMweya waKristu. “Ivo iboka revaumburuki vatsvene. Handiti, ivo iboka reizvi. Hapana chiripo kwavari. Hapana chiripo pakupodza kwaMwari. Hakuna chinhu chakadaro chakaita seNgirozi. Hakuna chinhu chakadaro chakaita seVaporofita.” Zvinhu zvose izvozvo, “Mazuva ezvishamiso akapfuura,” vachikanda mavhu. Asi varegei vakadaro! Asi Dhavhidhi paakadzoka musimba, Hareruya, paakadzoka samambo akazara weIsraeri... Regai kunetseka, Jesu uyu, Uyo Mweya wake watinawo nhasi, akaita chikamu chaKe, achadzoka zvekare ari mumutumbi unobatika, kechipiri, mukubwinya, musimba nemuhutongi.

53 Mukandi wemavhu uya mudiki akawira pachiso chake uye akakumbira tsitsi. “Muregei akadaro,” Mweya waKristu matiri. Regai kumudzinga. Ngatirangarirei kuti zvinhu zvese izvi zvinofanira kuitika. Tine chinhu chimwe chete chekuita, kufambira mberi. Mwari vakavimbisa kuti Ivo vaizoita kuti zvinhu zvose zvishande pamwe chete mukunaka kune avo vanoVada. Ngatichengetei kunzvera mweya, tochengetedza chinangwa chacho chakarurama. Tiri pano kuzoshumira Mwari, mumwe nemumwe tichiwadzana, tichienda pamwe chete uye tichishumira Mwari. Kana munhu aine mhando yakatsveyama yechinangwa, zvadaro chii chichaitika? Maona?

54 Zvino, tinoona kuti Mweya waMwari waive maAri. Vaporofita vese vekare vakataura nezvaKe. Mweya yose, muchikamu, chikamu chidiki chega-chega, chakanga chisiri kuzvirumbidza pachezvacho (vaporofita vechokwadi), vaporofita vese vechokwadi vairatidza Iye, vachitaura nezvaKe. Uye zvinhu zvese zvakataura zvakazadzikiswa maAri. Zvakaratidza kuti waiva Mweya waMwari mavari, zvakazadzikiswa. Chaiva chii ichocho? Mwari vachitaura nezvavo pachaVo. Maona? Mwari vachizviratidza pachaVo kuburikidza nevaporofita ava.

55 Kwete kutora mbiri, “Ndiani achave Mutungamiriri wenyika anotevera? Uye ndiani achava *izvi*?” Uye vokurova pamusoro, “Tiudze kuti ndiani akurova zvino tinozokutenda.” Handizvo izvozvo. Ndechimwe chinhu chekuratidza Mwari. Hachisi chimwe chinhu chekuita Hama Weathers pano, kana kuti Hama Shores, kana kuti Hama Nthingi-nthingi kunze uko,

munhu mukuru, uye kuvaita mukuru pane vamwe varume vese veboka ravo, kuvaita munhu mukuru kupinda vese muPhoenix. Hachisi chekuita William Branham chimwe chinhu chikuru. Asi chii chazvinofanira kuita? Hachisi chekuita Oral Roberts chimwe chinhu chikuru, Billy Graham chimwe chinhu chikuru. Asi ndiyo mwoyo, tiri kuedza kuti tibudirire pane chimwe chinhu kuitira Humambo hwaMwari. Ndiko kuratidza Mwari. Zvipo zvese nezvinhu hazviite kuti mumwe ave mukuru kupfuura mumwe, zvinongoita kuti isu tese tishande pamwe chete kuitira kukwaniswa kwemutumbi, kutiunza pamwe chete sevanhu vamwe, sevanhu vaMwari. Asi kana ukavaona vachiita zvinopesana, rega kuvatuka; ingovarega vakadaro, mumwe munhu anofanira kuzviita. Asi mirira kusvikira Jesu auya musimba.

⁵⁶ Zvino tinoona vaporofita vese ivavo vachitaura. Mumwe nemumwe wavo achikudza Mwari naMesia aiuya. Uye pavakapinda muMweya, vakaita pamwe nekutaura uye nekurarama hupenyu sezvakangoitwa naMesia. Kana zvakadaro kudivi iroro remuchinjikwa, vachitaura nezve kuuya kwaKe, ko zvinozoita zvakawanda zvakadini mushure mekuuya kwaKe, zvichaisa Mweya waMesia muChechi kuti ubate, uite, ushande, uye worarama saMesia? Iwoyo Mweya waMwari.

⁵⁷ Nzvera mweya iwoyo, uone kana uri Mwari kana kwete. Ona kana iwo uchizvibata saYe. Ona kana manzwiwo ako... Kana mumwe munhu akakunenera imwe nyaya uye okandira mavhu paupenyu hwako, apo uchiziva kuti hauna kana mhosva sezvaunogona kuve, uye uchiziva kuti une Mweya waMwari, usaedze kuzvipatsanura pachako. Usaedze kuzovaitira zvine utsinye. Rega kuvatuka. Ingofamba uchienda, uchiziva kuti Mwari vakazviita kuti vakupe muyedzo kuti vaone kuti waizozvitora sei. Ivo vanofanira kuuya kwazviri zvakadaro.

⁵⁸ Sekutaura kwandakaita rimwe zuva, ndinotenda muchechi yeHama Fuller, nezve mutyairi webhasikoro muCanada. Saka, vese zvavo vaifunga kuti vanogona kukunda mukomana uyu pakutyaira, aingova mukomana mudiki wekare anenge musikana. Uye ndiye ega akanga asingakwanise kutyaira asina kubata handuru.

⁵⁹ Ndinofara kuti ndinoda kuve mumwe wevatyairi vekare vanobata handuru, ndobata mativi ese maviri eMuchinjikwa uye ndoti, “Hapana chiri mumaoko angu chandinounza. Regai ndibatirire paMuchinjikwa, Ishe, handina njere. Handina kana chinhu. Regai ndingobata pano, ndotarisa mhiri uko.”

⁶⁰ Uye vaive nepuranga rakapamhama mainji gumi nemaviri rekuti vatyaire kwebhuroko reguta, kuti vawane bhasikoro reSchwinn rinoita zana remadhora. Vakomana vose ivavo avo vaikwanisa kutyaira vasina kubata, vachienda pakati peguta uye vonotora magirosari aamai vavo uye vodzoka vasina

kana kubata handuru, ivo mumwe nemumwe wavo vakatanga kutarisa. Vakanga vasina kujaira kubata pahanduru, zvino vakawira pasi. Asi uyu mukomana mudiki wekare akakwira ipapo ndokubata handuru uye akarityaira kusvika kumagumo. Ivo vakamuvhunza, vakati, “Ko wazviita sei?”

⁶¹ Iye akati, “Hepano pane kukanganisa kwenyu, machinda. Mese muri vatyairi vari nani kupfuura zvandiri, asi manga muchitarisa *pano apa*,” uye akati, “zvakuaitai kuti muhutehute kuona kuti... Manga muchiedza kuzvidzikamisa pachenyu, zvino mabva mawa.” Akati, “Ini handina kumbotarisa *pano apa* zvachose, ndatarisa magumo ndikaramba ndakadzikama.”

⁶² Ndizvo zvatinfofanira kuita. Regai kutarisa kuzvinhu zvidiki izvi zvino, “Ko uyu akaita *izvi* here kana kuti uyo akaita *izvo*?” Tarisa kumagumo uye woramba wakadzikama. Kristu ari kuuya. Tarisa kumagumo, ingoramba wakadzikama. Rega kucherechedza zviri kuitika zvino. Tarisa izvo zvichaitika mhiri uko panguva yekupedzisira, apo patichazofanira kumira uye— uye topa rondedzero pamusoro pehupenyu hwedu.

⁶³ Dhavhidhi akanga asiri kutarisa wekwaBhenjamini uya mudiki achikanda mavhu paari, iye aive akaremara zvakadaro. Haana kumbomucherechedza. Haana kana kumbotendera kunyangwe murindi kuti agure musoro wake, akati, “Muregei akadaro, Mwari vamuudza kuti aite izvozvo. Mwari vakamuudza kuti anditukurire, muregei akadaro.” Nekuti Dhavhidhi aiziva kuti rimwe zuva akange achizodzoka musimba. MuBhenjamini iyeye aizove nenguva yake.

⁶⁴ Hongu, ndizvozvo. Chechi ichasimuka mukukunda. Ndakangotumwa kuzonamatira vana vaKe vanorwara, zvakadaro. Ndizvo zvoga zvandinogona kuita. Chero kupi zvako kwavari uye nechechi ipi yavari, hazvina mutsauko wazvinondiita. Ndiri kuedza kunamatira vana vaKe vanorwara, kuedza kuratidza chipo kuitira kubwinya kwaKe. Ndicho chikonzero ndisina kumbova nhengo yechero chinhu.

⁶⁵ Zvino, rangarirai, izvozvo zvakanaka. Munoono, handisi— handisi kutaura izvozvo zvino. Ndinoda kuti mundinzwe zvakanaka kuti ndinotenda kuti Mwari vane Makristu muchechi imwe neimwe, vana vaVo. Havana kumbondivhunza pane izvozvo. Ini ndakangotumwa kuzonamatira vana, uye nekuzoita zvinhu izvi, uye nekuMuratidza.

⁶⁶ Zvino, munoono, Jesu nevaporoifita ava, zvinhu zvese zvavakataura nezvazvo zvaifanira kuva chokwadi, nekuti raive simba raMwari mavari, Mwari pachaVo vachitaura kubudikidza nemavari pamusoro pezvaVo pachaVo vachiuya pane Kubwinya kwaVo pachavo.

⁶⁷ “Ndiani Mutungamiri wenyika? Ndiani ari kuzova, ari kuzova? Tiri kuzova nemvura yakakwana gore rino?” Izvozvo hazvireve chinhu. Chimwe chinhu chinopa kubwinya kuna

Mwari, chimwe chinhu chekuisa Chechi muhurongwa, chimwe chinhu kuitira simba raMwari; kwete iwe kuzvigadzirira zita, asi kuita kuti kubwinya kwaMwari kuratidzwe.

⁶⁸ Zvino tinocherechedza kuti vaporofita vese ivavo nezvese zvavakataura pamusoro paKe, zvinhu zvese zvakasvika pakuzadzikiswa nekuti ndiYe aive dingindira reTestamende Yekare. Jesu, Mesia, Mesia aiuya, aiva izvo zvaitarisirwa nemuporofita wese kubva—kubva kuna Adhamu kusvika kuna Maraki. Muporofita wese akataura nezve kuuya kwaShe. Mumwe nemumwe akaisa chikamu chake mazviri nekuti aive akazodzwa naMwari. Ndizvo zvoga zvaaikwanisa kutaura nezvazvo.

⁶⁹ Zvino, ndinoshuva kuti dai tanga tiine nguva yakawanda pazviri. Asi, tarisai, zvinhu zvese zvavakataura zvakaitika. Tarisai pano, ngatingotorei zvimwe zvezvinhu zvakataurwa nevaporofita vacho.

⁷⁰ “Mhandara ichava nemimba uye igobereka mwana.” Zvakaitika here? Chokwadi. “Zita raKe richanzi Emanueri, Muchinda weRugare, Mwari vane maSimba, Baba vekusingaperi.” Ndizvo zvaAkanga ari, chaizvoizvo, “Baba vekusingaperi.” Hakuna mumwe munhu achadaidzwa kunzi “Baba,” panyika pano, asi Mwari ndivo Baba vako.

⁷¹ Zvakanaka, zvino regai tione zvekare. “Iye akakuvadzwa nekuda kwekudarika kwedu, akakuvadzwa nekuda kwekusarurama kwedu; kurohwa kwakatvigira rugare rwedu kwaiva paari, uye namavanga ake takaporeswa.” Imba yekutonga yaPirato, apo iye murume wacho, aine musana wake wakabvarurwa saizvozvo nechihwepu chemiswe mipfumbamwe, havana kuziva kuti Magwaro akati zvaizove saizvozvo. Vakanga vasina kunzvera kwemweya, vapisita ivavo vakati “Kure naYe, kure naYe.”

⁷² Uye pamuchinjikwa pavakataura zvakashata nemiromo yavo, uye nezvinhu zvakadaro, pavakaMunzwa achichema “Mwari waNgu, ko MaNdisiireiko?” Vakanga vasina kunzvera. Munoono, havana kukwanisa kunzvera Mwewa. Ndizvo zvaitaurwa nezvazvo naDhavhidhi muPisarema 22, vakataura zvisina kunaka nemuromo wavo vasingazive kuti vakanga vachizviita. Zvinongova zvimwe chete sezvakaitwa nemuBhenjamini uya kuna Dhavhidhi. Munoono, iye aifunga kuti Dhavhidhi aive akatsveyama mune zvose nekuti akanga asingawirirane naye pamaitiro emabatiro ehumambo hwake. Akanga asinganzwisise kuti waive Mwewa waMwari muna Dhavhidhi waizviita.

⁷³ Ndipo apo patinofanira kunzvera, nhasi, mwewa wemunhu. Chii chaari kuedza kuita? Chii chaari kumboita? Kwete kuti ndewe boka ripi, kana kuti chii *ichi*, *icho*, kana *chimwewo*, kunyangwe ari munhu wechichena, munhu wechitema, munhu

weyero, kana chero zvaari. Ngationei izvo zvaari kuedza kuti abudirire pazviri, uye totora izvozvo, toona zvaari kuedza kuita kuitira Humambo hwaMwari. Iye ane pfungwa dzisinganzwisike kune dzedu, izvozvo zvakanaka chaizvo kana iye ari kuedza kuti abudirire pane chimwe chinhu kuitira Humambo hwaMwari. Nzverai izvozvo maari. Kana ari mukukanganisa, uye ari wechokwadi mumwoyo, Mwari vachamuunza kune Chokwadi chechinhu chacho mushure mechinguva. Muregei akadaro, muregei akadaro, onai izvo zvaari kuedza kuita.

⁷⁴ Zvino tinoona pano, zvadaro tinoona kuti mune rwaKe—mune rufu rwaKe, paAkafa pamuchinjikwa, uye achichema zvinhu zvose zvakataurwa nevapofita nezvaKe, “Vakabvoora maoko aNgu netsoka dzaNgu.” Ipapo zvakadziswa. Vapofita vakataura chokwadi. Vaifunga kuti vaive vari ivo pachavo kana kuti vaichema sekunge vaive vari ivo pachavo, asi zvakaraidzwa pamuchinjikwa.

⁷⁵ “Iye—Iye akaverengerwa pamwe chete nevadariki.” Ndizvo zvaakaitwa. Akange ari pamwe nevadariki. “Murufu rwaKe Akava nekuvigwa kwaKe pamwe nevapfumi.” Iye akadaro, Akavigwa muguva remurume aive mupfumi. “Handizosiye mweya waKe...Ivo havazosiya mweya wangu,” akadaro Dhavhidhi, Mweya waMwari uri muna Dhavhidhi uchitaura. “Ivo havazosiye mweya wangu uri mugehena, kana Ivo kutendera Iye Mutsvene waVo kuti aone kuora,” sekunge Dhavhidhi ndiye aizove iye Mutsvene Wacho. Akange asiri Dhavhidhi, waive Mweya waMwari muna Dhavhidhi waidanidzira. Munoono, Mweya waMwari uri mumunhu uchidanidzira.

Vamwe vavo vakati, “Teerera! kune munyengeri uya wekare kumusoro uko.”

⁷⁶ Akange asiri, waive Mweya waMwari waiva maari waidanidzira. Munoono, Mweya waMwari unozviratidza pachawo, “Haangasiye mweya waKe uri mugehena, kana Ivo kutendera Iye Mutsvene wangu kuti aone kuora.”

⁷⁷ Zvino, hama, mukuvhara, regai nditaure izvi, nguva yedu iri kupera. Asi, tarisai, regai nditaure izvi mukuvhara, neMagwaro aya pano. Ngationei. Kana munhu, wekuti dingindira reTestamende yese Yekare raitaura nezvaKe, vapofita vese vatsvene vakazodzwa neMweya waMwari, kana zvese izvozvo nezvinhu zvose zvavakataura zvakadziswa maAri chaizvoizvo sekunyorwa kwazvakaitwa, zvechokwadi Munhu mukuru iyeye anonzi Mwanakomana waMwari anofanira kuziva kuti anoumba sei Chechi yeTestamende Itsva. Hamuzvitende izvozvo here? Iye anofanira kuva nenjere dzekuziva kuti anoumba sei Chechi yeTestamende Itsva.

⁷⁸ Chinhu chekutanga chandiri kuda kukuzivisai, neche muno muna Mateo, chitsauko 16, kuti kana A—Ari kutaura ipapo, apo paAkaburuka uye achitaura kune vadzidzi. Iye akati, “Ko vanhu vanoti Ini Mwanakomana wemunhu ndini ani?”

⁷⁹ Uye ivo vakati, “Vamwe vanoti Ndimi ‘Eria,’ uye vamwe vanoti Ndimi ‘Nthingi-nthingi,’ uye vamwe vanoti Ndimi ‘Nthingi-nthingi,’ uye saizvozvo, vakasiya-siyana.”

Iye akati, “Asi *imi* munoti Ndini ani?”

⁸⁰ Zvino Petro akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.”

⁸¹ Iye akati, “Wakaropafadzwa iwe Simoni, mwanakomana waJonasi, nekuti nyama neropa hazvina kukuzarurira izvi, asi Baba vaNgu vari Kudenga vazarura izvi kwauri. Uye—uye Ndinoti kwauri ndiwe Simoni, kana kuti Petro, uye pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangalkunde.” Zvino, ipapo tiri kutaura nezve Chechi. Zvino nyatsotarisisai, uye, kana ndiri kukanganisa, Mwari vandiregerere uye imi mundiregerere.

⁸² Zvino, che—chechi yeKatorike inotaura kuti “Rakanga riri dombo rakanga rakarara ipapo, *Petro*, uye pamusoro paPetro Akavakira Chechi.” Zvino, tinoziva kuti izvozvo zvakatsveyama. Isu maProtestanti hatibvumirane nazvo.

⁸³ Asi isu maProtestanti tinoti, “Paive paari *pachaKe* apo Iye akaZvivakira...Chechi paari, *pachaKe*.” Asi, kana mukacherechedza, ndinoda kupesana naizvozvo, muhushamwari. Zvakanga zvisiri izvozvo.

⁸⁴ Pakanga pari pamusoro *chizaruro* chepamweya chake *pachaKe*. Maona? “Nyama neropa...” Iwe hauna kumbobvira wakadzidza izvi museminari, kunyangwe akanaka zvawo saizvozvo. Hauna kumbobvira wakadzidza izvi neimwe dzidziso yechechi, kunyangwe yakanaka zvayo saizvozvo. Izvi zvakanaka, asi nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri. Hakusi kumwe kunzwisisa kwenjere kwekuti unozotaura sei mashoko ako, kuti unofanira kuzvikotamisa sei pachako, kuti sei kana kuti chinhu chakakura kwazvo chaunofanira kuita pano panyika. Handizvo zvacho zvazviri. Hakusi kuvaka chinhu chikuru kana kuita chinhu chikuru. Zvazviri, chizaruro cheShoko raMwari. Iye aive Shoko. “Pakutanga kwakanga kuine Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Uye Shoko rakaratidzwa rikagara pakati pedu.” Iye aiva...ichocho chaiva chizaruro cheShoko raMwari.

⁸⁵ Mweya muna Petro uchizarura nechizaruro chepamweya chekuti Iye aiva Mwanakomana waMwari akaratidzwa. Mwari veKubwinya vachiratidza kubwinya kwaMwari. “Pamusoro pedombo iri (chizaruro chepamweya cheShoko) Ndichavakira Chechi yaNgu.” Sei? Kana ivo vaporofita vaive pasi paMwari, vachitaura kuburikidza neMweya Mutsvene kuti iyeye aiva

Mwanakomana waMwari, Mweya mumwe chete kudivi rino unozarura zvekare chinhu chimwe chete. Munozviona here?

⁸⁶ “Nyama neropa,” haukwanise kuzvidzidza museminari. Iwe unodzidza ako...unowana D.D. rako nePh.D. rako neL.D. kana kuti...Izvozvo zvakanaka, ndinoshuva dai ndaivewo nawo. Ndizvozvo, asi zvakadaro handizvo zvaCho. Hausungirwe kuva nazvo, asi zvakanaka kuva nazvo. Unogona kuva Ichi, nezvimwezve; asi kana uchifanira kubvisa nezvimwezve, tora Izvi. *Izvi* ndizvo Zviya. Kana izvi zvisiri Zviya, regai ndive neIzvi zvakadaro. Ndinoda Izvi! Izvi!

⁸⁷ “Nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri.” Hauna kumbozvidzidza kuburikidza negwara redzidzo. Hauna kumbozvidzidza kuburikidza negwara remasangano. Iwo akanaka, dzidzo, sangano rakanaka. Ichocho chikamu charo. Asi vanhu vari kutsamira vakanyanyisa kune izvozvo uye vari kusiya kunzvera kwepamweya. Maona?

⁸⁸ “Nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga ndivo vazarura izvi kwauri. Uye pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangalkunde.” “Haatombofa akakwanisa kukunda,” zvakaraidza kuti aizonge achirwisana naYo.

⁸⁹ Zvino tarisai muone kuti masuo egehena ari kupikisana nei. Haasi kurwisana nesangano. Hurumende inoricherechedza iroro. Haisi. Nyika inocherechedza masangano edu, ese zvawo. Tine kodzero, mumwe nemumwe wedu sevagari vemuAmerica, tine kodzero dzekuva nesangano, zvinova zvakanaka, tinozvitenda izvozvo. Asi handizvo zviri kurwiswa nemasuwo egehena. Iwo ari kurwisana nechizaruro chepamweya chokuti Kristu ari pano zvino, mumwe chete zero, nhasi, nekusingaperi. Ndizvo zvaari kurwisa. “Masuwo egehena achange achirwisana naYo, asi iwo haambofa akakunda.”

⁹⁰ Hezvoka izvo, kunzvera kwepamweya. Zvisinei nekuti ndiani, ihama yangu chero bedzi ari kuedza kuzadzisa chinangwa chimwe chete icho chandiri kushandira. Angave ari muporofita, angave ari mufudzi, angave ari mudhikoni, angave ari nhingi-nhingi, regai Mwari vamukudze nenzira *iyi*, nenzira *iyu*, chero zvazviri, kundizvidza, chero chipi zvacho chaanoda kuita, asi zvakadaro ihama yangu. Tiri kushandira chinhu chimwe chete. Tiri kutumira edu—edu...mabasa edu ese kupinda muHumambo humwe chete mhiri uko. Iye ari kushandira chinhu chimwe chete chandiri kuita. Kunzvera pamweya, chizaruro chepamweya chaMwari. Tarisa pano, kana uchida kunge...

⁹¹ Jesu...Ndakaparidza humwe usiku pane imwe nzvimbo, zvichida zasi uko, “Zvakange Zvisina Kudaro Kubva Pamavambo.” Tinofanira kudzokera kumavambo kuti tiwane chidzidzo chedu zvino zvingangoita kwechinguvana. Pakutanga

kwaive naKaini, wezvenjere, akavaka chechi yakanaka (tingadaro), akagadzira aritari yakanaka, akapirisa chibayiro, akanamata, akaperera, akapa kutenda, akabhadhara chegumi chake, zvinhu zvese zvichingova zvekunamata sezvaiva Abheri.

⁹² Asi Abheri, (kwakanga kusina Bhaibheri mumazuva iwayo), asi kuburikidza nechizaruro cheMweya iye akaona kuti yakanga isiri michero yemumunda yakatikonzera kuti titadze, akanga asiri maapurosi ayo avakadya. Munoono, aive asiri maapurosi, chizaruro chakamuudza izvozvo. Uye yakanga isiri michero yakamukonzera kuti abude kubva imomo. Hwaive hupenyu, kupatsanurwa kwehupenyu; saka iye akaenda akanotora gwayana akaripirisa panzvimbo yake nekutenda, chinova chizaruro chepamweya. Amenii...?...Chizaruro chaMwari, chizaruro chepamweya icho chakazarurirwa kwaari. Hausi muchero, haasi maapurosi, haasi mapichisi, mapuramu nemapeya. Kwakanga kuri kupatsanurwa kwehupenyu, saka iye akaenda akanotora hupenyu akahupirisa panzvimbo yemichero.

⁹³ Michero ndeiyo iwe...mabasa emaoko ako pachako. Zvaunoita uko, “Ini ndichaenda uye ndonovaka *ichi*. Ndichaenda ndonoita *ichi*. Ndichatsigira *icho*.” Izvozvo zvakanaka. Iye aive nearitari sezvakanga zvakangoitwawo nemumwe wacho. Vose vari vaviri vaive nemaaritari. Izvozvo zvaive zvakanaka.

⁹⁴ Asi chaive chokwadi chakazarurwa pamweya chechinhu chacho, nekuti Mweya waMwari wakachizarura, “Uye pamusoro pedombo iroro, dombo iro Kristu raakafira pariri, Dombo remazera, pamusoro pedombo iro rakafira gwayana raAbheri.” Uya Abheri mudiki apo akaisa maoko ake pagwayana riya diki, uye makushe aro madiki machena achishambwa apo iye akatora do—dombo, vakanga vasina pfumo muzuva iroro, uye ndokugura mutsipa waro mudiki saizvozvo ndokuripwanyana. Uye chinhu chidiki chinonzwisa urombo chichifa, ropa richigeza maoko ake, uye makushe aro madiki ose akashambwa neropa, richirira pamwe nekuchema.

⁹⁵ Zvaitaura nezvei? Gwayana raMwari, makore zviuru zvina akazotevera, zvakazarurwa pamweya chechi ichiMuramba. Uye vanhu vakamudana kuti “Bherizebhabhu” uye “nedhimoni,” nekuti vaporofita vese vakange vataura. Vakaramba vaporofita. Oo, Iye akati, “Imi munovaka makuva avo, asi ndimi makavaisa imomo. Imi madziro akaitwa machena,” Akadaro kwavari. Vasina kunzvera kwepamweya, vasingazive kuti iroro raive Gwayana raMwari. Kuti iye aifanira kunge akaita saizvozvo uye achizvibata nenzira iyoyo, nekuti akange achizadzisa Shoko raMwari.

⁹⁶ Uye Chechi yeMweya Mutsvene nhasi, ichizvibata nenzira yavanoita, vachiita zvinhu zvavanoita, vari kuzadzisa Shoko raMwari. Hareruya! Hamuoni here? Petro akati, pazuva

rePentekosti, “*Izvi ndizvo Zviya.*” Uye akati, “Ndezenyu imi nekune vana venyu, uye neavo vari kure kwazvo, kunyangwe avo vose vachadanwa naIshe Mwari wedu.”

⁹⁷ Muporofita mumwe chete akafemerwa akati Chiedza chemanheru chaizopenya, paizova nemvura yekutanga neyekupedzisira pamwe chete semumazuva enyasha. Tarisai pano. Chinombova chii? Mvura dzekutanga dzichiuya, uye mvura yekupedzisira yatodarika nguva yayo. Zvadarwo inenge yadarikira, uye dzave pamwe chete, mvura yekutanga neyekupedzisira pamwe chete, Mweya Mutsvene uchiratidzwa kuburikidza nesimba uye nekumuka kwaJesu Kristu. Hezvoka izvo, dzichiuya pamwe chete, yekutanga... Nyasha dzaMwari! Akati, “Sezvazvaive mumazuva aNoa.” Nyasha dzake dzaiva nemwoyo murefu. Hepano pazviri nhasi, mwoyo murefu, kudarikira. Zvinounza gore kubva pamazuva ekare uye negore kubva pazuva ranhasi, pamwe chete. Mvura yekutanga yakamhanya ichipinda kutanga, mvura yekutanga yatakave nayo, zvino hepano panouya mvura yekupedzisira ichiuya, Mvura yekutanga ichiuya pamusoro pemvura yekupedzisira, mabazuva nemadokero zvichisangana pamwe chete. Mvura dzose dziri mbiri dzichinaya pamwe chete, Kupodza kwaMwari pamwe neMutumwa waMwari achizarura zvakananzika zvemoyo uye achionza zvinhu zvese kuti zviitike. Oo, zvinoita sekunge vana vakaberekwa vechokwadi vaMwari vanozozviona izvozvo. Hezvoka izvo, Mweya uchizarura chizaruro. Ndizvo zvakananzura naJesu kuti Chechi yaizovakirwa pachiri.

⁹⁸ Zvakanaka, zvadarwo mumwe munhu anogona kusimuka oti, “Zvakanaka, chokwadi, isu vana Ngingi-ngingi, takavakirwa pane Ichocho.”

⁹⁹ Ngatitorei Shoko raKe kuenda mberi zvisihoma. Kutumwa kwekupedzisira kuChechi yaKe, Akati, “Endai munyika yose uye muparidze Evhangeri kuzvisikwa zvose.” Pasi rose. Zvichagara nguva yakareba zvakanadani? Pasi rose. Kune vangani? Zvisikwa zvose. “Uyo anotenda uye akabhabhatidzwa,” kwete chechi, “uyo” chisazitasingwi. “Uyo anotenda,” dungamunhu.

¹⁰⁰ Sekutaura kwakaitwa naDavid duPlessis pamusoro pevazukuru, hakuna vazukuru muHumambo hwaMwari, vangori vana! Baba vako vaive muPentekosti uye iwe uri kungouya kuno kucheche ino nekuti ivo vakauya kuno kuna—kuna Eleventh naGarfield, vakagamuchira Mweya Mutsvene, vakangokuunza muno semuzukuru, uri kukanganisa! Mwari vanofanira kuzvizarura kwauri.

¹⁰¹ Uye hapana munhu anokwanisa kudana Jesu kuti Kristu kuburikidza nezivo yenjere. Hapana munhu anokwanisa kudana Jesu kuti Kristu nekuti anonzwa urombo nekuda kwezvivi zvake uye ouya kuzotendeuka. Hapana munhu anokwanisa kudana Jesu kuti Kristu, kunze chete kwechi...chizaruro ichocho

cheMweya Mutsvene uchichizivisa kwaari. “Pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haazombofi akaIkunda.” Hecho chizaruro. Hechoka icho, icho chaAkavakira Chechi yaKe pachiri.

¹⁰² Ndiani akazviita, Petro? Kwete, kwete, kwete. Ndiani akazviita? Kristu akati, “Chizaruro chaMwari, Mweya Mutsvene waizochiunza kwauri. Chinguva chidiki uye Ini ndichakusiyai, asi Ndichanamata Baba uye Vachakutumirai Munyaradzi, achaunza zvinhu izvi pakurangarira kwenyu.” Ndizvozvo here? Izvo zvaAri kuita mangwanani ano. Uye ozodini? “Kukuratidzai zvinhu zvichauya.” Mweya Mutsvene uri muChechi mumazuva ekupedzisira.

Zvino imi moti, “Hama, Hareruya, iyoyo ndiyo chechi yangu.”

¹⁰³ Mira zvishoma! Jesu akati, “Izvi zvichaita kuti vanhu vese vazive kuti muri vadzidzi vaNgu,” muna Mutsvene Johane 13:35, “Izvi zvichaita kuti vanhu vese vazive kuti muri vadzidzi vangu, kana muine rudo mumwe kune mumwe.” Chokwadi cheHumambo hwaMwari huchauya chakazarurwa neMweya, takatarisa kunze kumagumo mhiri uko, tichiona izvo zvakanidzirwa pamusoro pazvo nevaporofta, tichiona izvo zvakataurwa pamusoro pazvo naJesu, uye pano Mweya Mutsvene mumwe chete mauri uchidanidzira zvekare, “Ndizvozvo! Ndizvozvo!” Chii ichocho? Ichokwadi chakazarurwa pamweya. Ndinoda hama yangu zvisinei nekuti vanoenda kuchechi kupi, kunyangwe ivo vari veyekutanga kana kuti veyekupedzisira, kana kuti vasina mvura zvachose, chero bedzi vari muMutumbi waKristu, vachiedza kuti vabudirire. Kwete chimwe chinhu kuitira chimwe chinangwa cheku—chekuzviratidza pachako panyika, asi chinangwa chekuitira Humambo hwaMwari nekubwinya kweKuuya kwaKe, kuzarura nekuzivisa Kuuya kwaKe munguva pfupi.

¹⁰⁴ Zvino, mukuvhara, tinoda kufunga nezve izvi. “Pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu,” nemazvo. Uye zvararo tinoona kuti, umo muna Johane 14:7, Akataura izvi, “Mabasa aNdinoita, nemiwo muchaita. Mabasa aNdinoita.” Mabasa emhando ipi aAkaita kuti azvizivise pachaKe? Munorangarira nezvaPetro, hamudaro here? Izvo zvatanga tichitaura nezvazvo? Firipi? Mudzimai wepatsime? Achifanozvitaura kuti zvisaende kuMarudzi, asi zvaizove mumazuva ekupedzisira, sezvaAkati, “Sezvazvaive mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava mukuuya kweMwanakomana wemunhu.” Pane chizaruro chakanyorwa mune zvakananzika zvakaita seizvi, kune nyika yekunze, kune nyika isina zvainoziva nezvaCho. Asi imi hama dzinokosha, imi hanzvadzi dzinokosha, hamusi vana verima, hamusi vana vehusiku, asi muri vana veChiedza, muchifamba muChiedza sezvo Iye ari muChiedza, zvararo tine kuyanana

mumwe nemumwe, apo Ropa raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, richichenesa zvivi zvedu kubva kwatiri tose. Hezvoka izvo, varanda vaShe.

¹⁰⁵ Jesu . . . Apo ndiri kunokora Gwaro rangu pano, ndina Marko 16, hongu, Marko 16, Iye akati, “Endai munyika yose.” Heino mhando yeChechi yaAkagadzira. Kutumwa kwekupedzisira kuChechi, “Endai munyika yose, paridzirai Vhangeri kuchisikwa chose. Uyo anotenda uye akabhabhatidzwa achaponeswa. Uyo asingatendi achatongwa.” Zvino tarisai pano, tarisai pane kunzvera kwepamweya uku. . . “Uyo anotenda uye akabhabhatidzwa.” Iye haana kumbotaura chaizvoizvo kuti nenzira ipi, asi tinoda kukakavara pamusoro paizvozvo, munooa, chimwe chinhu. Munooa, “Uyo anotenda uye akabhabhatidzwa achaponeswa.” Chero hazvo zvaanoda kuti abhabhatidzwe, izvozvo zviri kwaari. Kana kubudirira kwake kuri kwekuitira Humambo hwaMwari, handei, hama. Tiri kufora tichienda neMweya mumwe chete. Kana ndakanganisa, ipapo unozoviona, zvinozobuda nenzira iyoyo. Uye kana iwe wakanganisa, zvichava izvozvo. Asi mwoyo yedu nezvinangwa zvedu nevavairo dzedu ndezvekuitira Humambo hwaMwari mhiri uko. Mhiri uko kwatiri, takanongedza kuKarivhari.

¹⁰⁶ Ini nepfungwa dzangu, handiti, ndine. . . Ini handina munin’ina anofarira cherry pie sezvandinointawo ini, asi tiri hama. Maona? Hapana kana mumwe wavo anofarira kuvhima pamwe nekuredza sezvandinointa, asi tiri hama. Munooa zvandinoreva here? Ndine pfungwa dzangu pachangu, asi izvozvo hazviite kuti iye arege kuva hama yangu, baba vake ndibaba vangu, mhuri yake imhuri yangu. Hezvoka izvo.

¹⁰⁷ Madzitateguru ose vakanga vakasiyana mumwe kubva kune mumwe, asi paive nababa vamwe chete uye zvinofanira kushandira kuchinhu chimwe chete, zvino vakaramba akakosha wacho imomo nekuti aive wemweya. Hamusi kuZviona here, hama? Hamusi kuona zvandiri kutaura nezvazvo here?

¹⁰⁸ Zvino cherechedzai, uye isu tiri. . . mukuvhara, “Endai pasi rose, paridzirai Vhangeri kuchisikwa chose. Uyo anotenda uye akabhabhatidzwa achaponeswa. Uyo. . .” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] “Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; muZita raNgu vachadzinga madhimoni, vachataura nendimi itsva.” Chii ichocho? Chizaruro chepamweya. Maona? “Vachataura nendimi itsva. Kana vakabata nyoka kana kunwa zvinhu zvinouraya, hazvizovakuvadzi. Kana vakaisa maoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora.” Izvo ndizvo zvaiva zviri Chechi Itsva. Ndiyo mhando yeChechi iyo Jesu Kristu, uyu mukuru Uya uyo vaporofita vese vakadanidzira kuti yaizoita. Tinoona kuti Mweya waKe unouya neche pano uye wofanotaura kuti Mweya waKe uri muvanhu waizodzokazve uye woita zvinhu izvo zvaAkaita.

¹⁰⁹ Regai ndivhare mukutaura izvi. Ndine mamwe Magwaro angaite gumi nemaviri pano, asi hatina nguva yacho. Maona? Asi teerera! kune izvi. Regai ndivhare mukutaura izvi. Muporofita wese wechokwadi akaberekwa patsva waShe, muparidzi, mudzidzisi weSunday school, muoni, muapostora, mumishinari, chero chipi zvacho chaangave ari, mwoyo wake wese wakagadzikana, uye iye akanyatsozadzwa uye nekuzodzwa neMweya waMwari, akanyatsozodzwa, chero zvingava hofisi yake, chero zvaingava, kuparidza, kana kudzidzisa, kana kuvhangerwa, kana kuona zviratidzo, chero zvipi zvaingava, iye anozozviitira Humambo hwaMwari. Uye Mweya waMwari unozotaura chaizvo zvekare kuburikidza nemunhu wacho uye wozviratidza kuti Humambo hwaMwari.

¹¹⁰ Zvadaro isu...Ini semuBaptisti, ndinoona imi maPentekosti, muri hama yangu. Imi hamusi vechechi yeBaptisti, ini ndakanga ndiri. Ndiyo chechi yoga yandati ndakambopinda, yaiva chechi yeBaptisti. Asi izvozvo hazvimire munzira yangu, ndinoona kuti sei Mweya waMwari unemi. Ndinoona izvo zvamuri kuedza kuita. Zvakanaka, kana ini, muBaptisti, ndichikwanisa kunzwa saizvozvo, zvechokwadi veAssemblies, veChurch of God, veUnited Pentecostals, maIndependent, uye isu tese hama pamwe chete tinofanira kuona kuti tiri kuedza kushandira chinangwa chimwe chete. Ngativei nekunzvera kwepamweya.

¹¹¹ Zvino teerera! Mukuvhara, ndichaita chirevo ichi chekupedzisira. Vazhinji vanorwara uye vasina simba pakati penyu, uye vazhinji vavete, vakafa pamweya, nekuti ivo havana kunzvera kweMutumbi waKristu. Mutumbi uyu unorwara watinawo! Mwari vatibatsire kuti tive nekunzvera kwepamweya kwechizaruro ichocho cheHumambo hwaMwari uye necherudo rwaMwari mumoyo yedu, rwakadururwa kwose neMweya Mutsvene, kuedza kutambanudza maoko edu kunze chaiko, toti, "Tiri hama." Munoono zvandiri kureva? Uye chipo chose chidiki icho chauinacho, usachishandise kuti uedze kuchiita chimwe chinhu chakakura kuzviitira isu pachedu, ngatichiitei kuitira kuHumambo hwaMwari, kushanda nemunhu wese, kuedza kusimudzira chikonzero chaJesu Kristu, nekuti Kuuya kwaKe kwave pedyo. Munozvitenda here?

¹¹² Ndine urombo nekukuchengetai kwenguva yakareba kudai. Hama David vachange vari pano mangwana kuzokudzidzisa! Magwaro, asi iye zvino ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana. [Imwe hama inotaura nendimi. Imwe hanzvadzi inopa dudziro—Mupepeti] Mwari ngavarumbidzwe! Amen.

Pamberi, masoja echiKristu!
 Muchifora semunoenda kuhondo,
 Nemuchinjikwa waJesu
 Uchienda mberi;

Hatina kupatsanuka,
Tose tiri mutumbi mumwe;
Mumwe mutariro nedzidziso,
Mumwe murudo.

Oo, pamberi, masoja eChikristu!

Unotenda here kuti uri? Simudza ruoko rwako.

Muchifora semunoenda kuhondo, (nechii?)
Muine. . . (chinangwa chedu) Jesu
Achienda mberi.

Mwari vakuropafadzei. Mufudzi wenyu.



KUNZVERA MWEYA SHO60-0308
(Discernment Of Spirit)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chipiri mangwanani, Kurume 8, 1960, paFirst Assembly Of God muPhoenix, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org